



Izolman

Nimewo Politik la: RP-26-10

Dat Li Pibliye: 8 Jiyè, 2026

Dat li an Vigè: 17 Novanm, 2026

Aplikabilite: Tout Pwogram Rezidansyèl Ki Gen Lisans

ENFÒMASYON DEBAZ

Règleman Depatman Edikasyon ak Swen/Gadri pou Timoun Piti (EEC), 606 CMR 3.00, egzije pwogram rezidansyèl yo bay sipò pèsonalize ki gen mwens restriksyon ke posib pou asire sekirite rezidan yo ak lòt moun pandan y ap ankouraje diyite, byennèt, vi prive, konfò, ak entegrasyon nan kominote a.

Kidonk, izolasyon, jan yo defini l nan 606 CMR 3.02(1), entèdi nan pwogram rezidansyèl ki gen lisans EEC, eksepte jan sa otorize nan yon fason ki trè limite anba 606 CMR 3.07(8). Nan sikonstans limite sa yo, izolasyon ka aplike sèlman kòm dènye rekou epi sou yon baz endividyèl lè konpòtman yon rezidan reprezante yon menas iminan pou domaj fizik grav pou tèt li oswa pou lòt moun, epi sèlman lè tout mezi pwoteksyon regilasyon ki aplikab yo satisfè.

An akò ak pi bon pratik yo, EEC mete aksan sou prevansyon kriz, de-eskalasyon, ak itilizasyon altènativ ki gen mwens restriksyon yo, epi li entèdi itilizasyon izolasyon kòm disiplin, pinisyon, oswa kòm yon repons estanda pou nenpòt aksyon rezidan.

Apwòch sa a reflekte dezi EEC pou ankouraje anviwònman ki an sekirite, ki gen diyite, e ki bay sipò pou rezidan pwogram rezidansyèl EEC ki gen lisans, pandan li rekonèt ke sitiyasyon kriz enprevizib ka parèt nan etablisman rezidansyèl li bay lisans yo.

OTORITE

- 102 CMR 1.00
- 606 CMR 3.01
- 606 CMR 3.02
- 606 CMR 3.03(7)(d)(13)
- 606 CMR 3.04(3)(h)
- 606 CMR 3.04(5)
- 606 CMR 3.05
- 606 CMR 3.07(7)
- 606 CMR 3.07(8)

DEFINISYON

Pou objektif politik/Règleman sa a, mo **Izolasyon** ap gen siyifikasyon ki etabli nan 606 CMR 3.02(1).

Izolasyon vle di konfinman san volonte yon rezidan poukont li nan yon chanm oswa yon zòn, avèk oswa san sipèvizyon yon adilt, kote rezidan an pa gen pèmisyon pou l soti.

Izolasyon **pa** enkli:

- Anviwònman kote jeneralman tout rezidan yo bezwen pèmisyon pou yo soti;
- Separasyon anba siveyans nan yon anviwònman ki pa fèmen kote rezidan an lib pou l soti, epi yo mete l an plas pou kalme l;
- Separasyon volontè yon rezidan ak yon gwoup;
- Aksyon ki otorize espesyalman pou Depatman Sèvis Jèn yo dapre 606 CMR 3.07(8)(d); oswa
- Nenpòt sitiasyon kote yon manm anplwaye nan menm chanm ak rezidan an.

DEKLARASYON SOU POLITIK/RÈGLEMEN AN

Entèdiksyon Jeneral

Izolasyon entèdi nan pwogram rezidansyèl ki gen lisans EEC, eksepte jan sa klèman otorize anba 606 CMR 3.07(8). Lè yo aplike li, yo ka sèvi avè l sèlman kòm dènye rekou e sou yon baz endividyèl lè konpòtman yon rezidan reprezante yon menas iminan pou domaj fizik grav pou rezidan an oswa pou lòt moun, e sèlman lè tout kondisyon regilasyon ki nesesè yo, mezi pwoteksyon yo ak tout dokiman yo mande yo fin satisfè nèt.

- An akò ak 606 CMR 3.07(8)(a)(12), yo pa dwe itilize izolasyon:
 - Kòm yon fòm disiplin;
 - Kòm yon pinisyon;
 - Kòm represay;
 - Kòm kòksyon;
 - Pou fasilite anplwaye yo;
 - Kòm yon ranplasman pou gen ase pèsònèl; oswa
 - Kòm yon repons estanda pou konpòtman rezidan ki pa reprezante yon menas iminan pou domaj fizik grav pou tèt yo oswa pou lòt moun.

Pa gen anyen nan politik/règleman sa a ki dwe entèprete kòm yon otorizasyon pou itilize izolasyon andeyò sikonstans ki akseptab dapre 606 CMR 3.07(8).

Egzijans pou Nenpòt Itilizasyon Izolman

An akò ak 606 CMR 3.07(8)(a)(1-12), yon pwogram ka sèlman aplike izolasyon ak yon rezidan lè tout kondisyon ki nesèsè yo satisfè, sa ki enkli ladan:

- **Istwa dokimante:** Rezidan an gen yon istwa dokimante kote li plede repete konpòtman grav ki lakòz li blese tèt li oswa blese lòt rezidan oswa anplwaye, eksepte yon sèl fwa kote yo te fè yon repons ijans pou sekirite nan yon kriz inatandi oswa iminan, e yo te pran mezi sa yo pou anpeche blesi grav pou rezidan an, lòt rezidan yo oswa anplwaye yo.
- **Entèvansyon ki gen mwens restriksyon yo echwe oswa yo pa apwopriye.:** Rezidan an pa reyaji ak entèvansyon konpòtman ki gen mwens restriksyon, yo konsidere entèvansyon sa yo kòm si yo pa apwopriye oswa inefikas nan sikonstans sa yo, oswa entèvansyon sa yo pa t rive asire sekirite rezidan an ak lòt moun.
- **Revizyon Medikal:** Yon doktè ki gen lisans oswa yon pratikan swen sante dokimante ke pa gen okenn kontrendikasyon medikal pou izolasyon.
- **Jistifikasyon Klinik:** Yon pwofesyonèl sante mantal ki gen lisans dokimante yon rezon sikolojik oswa konpòtman pou itilize izolasyon. Evalyasyon an dwe konfime ke pa gen okenn kontrendikasyon. Lè y ap evalye kontrendikasyon yo, klinik la dwe konsidere istwa tromatik ak/oswa abi rezidan an te genyen nan tan pase oswa kounye a, menm si istwa sa a poukont li pa dwe anpeche itilizasyon izolasyon.
- **Konsantman ak Apwobasyon:** Pwogram nan jwenn konsantman, jan sa defini nan 606 CMR 3.02(1), nan men paran oswa gadyen, ajans plasman an, oswa sous

referans lan, epi nan men rezidan an, pou yo itilize izolasyon, si sa apwopriye. Itilizasyon izolasyon an dwe apwouve alekri pa yon ofisye administratif prensipal pwogram nan oswa pa moun li nonmen.

Eksepsyon pou Itilizasyon an Ijans

EEC rekonèt ke ijans ki pa prevwa ka rive kote aksyon imedyat nesèsè pou anpeche domaj fizik grav.

Kidonk, yon sèl itilizasyon ijans izolasyon ka fèt san yo pa ranpli davans egzijans otorizasyon ak planifikasyon ki prevwa nan 606 CMR 3.07(8), epi se sèlman lè sa nesèsè pou anpeche yon menas iminan pou blese grav fizikman rezidan an, lòt rezidan yo, pèsònèl/anplwaye oswa lòt moun.

Eksepsyon sa a aplike sèlman pou egzijans otorizasyon ki dekri pi wo a epi li pap anpeche yon pwogram anba obligasyon li yo dapre:

- 606 CMR 3.07(8) konsènan siveyans ak mezi pwoteksyon;
- 606 CMR 3.04(3)(h) Konsènan rapòte ensidan;
- 606 CMR 3.04(5) konsènan notifikasyon obligatwa yo; oswa
- nenpòt dokimantasyon ak egzijans sipèvizyon ki aplikab.

Si yon pwogram detèmine ke izolasyon ka nesèsè ankò pou menm rezidan an, tout kondisyon 606 CMR 3.07(8)(a) yo dwe satisfè anvan yo itilize nenpòt nan desizyon say o ki vin apre.

Mezir Sekirite Pandan Itilizasyon Izolman

Pandan nenpòt pwosedi izolasyon ki otorize, pwogram nan dwe satisfè tout kondisyon obligatwa ki nan 606 CMR 3.07(8)(a-c), ki enkli ladan:

- **Siveyans kontinyèl:** Yon manm nan anplwaye yo dwe siveye ak obsève rezidan an san rete epi aktivman, epi rete disponib pou li imedyatman tout tan;
- **Siveyans administratif:** Yo dwe konsilte chèf administratif la oswa moun li deziyen ki sou plas la pou jwenn apwobasyon anvan yo itilize izolasyon, epi yo dwe kenbe l enfòm jiskaske evènman an fini.
- **Vizibilite konstan:** Rezidan an dwe vizib nan tout pati nan chanm nan epi li dwe toujou anba je anplwaye a;

- **kontinye Kalme Sitiyasyon an:** Yon manm pèsonèl dwe kontinye aplike estrateji pou de-eskalasyon/kalme sitiyasyon an lè sa apwopriye klinikman, sòf si nan ka si yo fè sa li pa an sekirite oswa si sa kontrepwodiktif; epi
- **Revokasyon Imedyat:** Izolasyon an dwe sispann dèske konpòtman rezidan an pa reprezante yon menas iminan pou domaj fizik grav, oswa si yo obsève rezidan an nan gwo detrès.

An akò ak 606 CMR 3.07(8)(a), izolman dwe sispann imedyatman si rezidan an montre gwo detrès oswa lòt sikonstans ki mande pou mete fen nan entèvansyon an.

Egzijans pou Espas Fizik

Nenpòt chanm oswa espas ki itilize pou izolasyon dwe omwen satisfè tout kondisyon ki nan 606 CMR 3.07(8)(b)-(c), sa ki enkli ke nenpòt espas konsa dwe:

- Pwòp, an sekirite, epi ijenik;
- Ki gen bon gwosè;
- Ekiye ak ekleraj, vantilasyon, echofaj, ak klimatizè apwopriye;
- San aparèy oswa objè ki danjere nan nati yo;
- An konfòmite ak kòd dife ak kòd bilding;
- Enspekte pa administrasyon pwogram nan omwen yon fwa pa semèn pandan peryòd itilizasyon yo, avèk dokiman alekri ki konsève pou chak enspeksyon;
- Konfigire pou bay siveyans konplè sou vizyon ak son pandan tout moman.

Egzijans pou Règleman/Politik Entèn

Dapre 606 CMR 3.03(7)(d)(13) ak 3.04(3)(b), Moun ki gen lisans lan dwe devlope, kenbe, epi aplike politik ak pwosedi alekri konsènan izolasyon ki an akò ak politik sa a ak egzijans 606 CMR 3.00.

Mèt lisans lan dwe kenbe politik ak pwosesis sipèvizyon ki ajou pou asire ke nenpòt anplwaye ki ka aplike izolasyon resevwa fòmasyon adekwa epi kapab fè sa an sekirite epi an akò ak politik la. Dokimantasyon ak Rapò

An akò ak 606 CMR 3.04(3)(h), 606 CMR 3.04(5), ak 606 CMR 3.07(8), yo dwe ranpli yon rapò ensidan pou chak fwa yo aplike izolasyon, kèlkeswa kantite tan sa dire a, rezilta a, oswa si te gen yon blesi.

Tout rapò ensidan ki gen rapò ak izolasyon dwe konplete imedyatman e pa pita pase ven-kat (24) èdtan apre evènman an epi yo dwe enkli ladan yo, omwen:

- Dat la, lè a, kote a, ak kantite tan izolasyon an te dire;
- Evènman ak konpòtman ki te lakòz entèvansyon an;
- Yo te eseye entèvansyon ki gen mwens restriksyon anvan aplikasyon an;
- Pèsonèl ki enplike nan entèvansyon an ak siveyans lan;
- Notifikasyon ak apwobasyon sipèvizyon;
- Aksyon siveyans kontinyèl ki te pran pandan evènman an;
- Prezantasyon rezidan an pandan ak apre entèvansyon an;
- Nenpòt blesi, pwoblèm medikal, oswa siy detrès; epi
- Aksyon ki pran apre entèvansyon izolasyon an fini, sa ki enkli ladan rapò ak planifikasyon pou fè swivi.

Dapre 606 CMR 3.04(5)(l)(2), moun ki gen lisans lan dwe soumèt yon rapò chak trimès, nan yon fòm Depatman an apwouve, ki prezante done ki gen rapò ak itilizasyon izolman ki aplike dapre 606 CMR 3.07(8)(a)-(c).

Prevansyon, Rediksyon, ak Eliminasyon Itilizasyon Izolman

- Dapre 606 CMR 3.01(4), pwogram yo dwe bay priyorite entèvansyon endividyèlize, ki pran an konsiderasyon chòk twomatik, sa ki gen mwens restriksyon ke posib, ak estrateji sipò konpòtman ki fèt pou anpeche agrave epi evite bezwen pou izolasyon chak fwa sa posib.
- Dapre 606 CMR 3.07(7)(a), moun ki gen lisans lan dwe enkli objektif ki gen rapò ak prevansyon, rediksyon, ak/oswa eliminasyon itilizasyon izolasyon nan deklarasyon alekri.
- Pwogram yo dwe aplike tout pratik sipò konpòtman ak repons kriz, enkli nenpòt itilizasyon ijans izolasyon, nan yon fason ki enfòm sou chòk/twoma epi ki reyaktif, ki fèt pou minimize re-twomatizasyon, prezève diyite, epi sipòte sekirite emosyonèl ak fizik, an akò ak 606 CMR 3.01(3)-(4), 606 CMR 3.02 (Definisyon: Swen ki Enfòm sou Chòk/Twoma ak Reyaktif; Kalme Sitiyasyon an), ak 606 CMR 3.04(7)(c)(10).
- Dapre 3.05(1)(e), pwogram yo dwe chèche epi dokimante yon plan tretman an ak/oswa rezime degajman an rekòmandasyon sou estrateji efikas ak ki pa efikas pou kalme konpòtman ak jesyon kriz, estrateji jesyon antedan, ak idantifye sous prensipal ki kòmanse sa oswa konnen sa ki lakòz konpòtman kriz.

- Dapre 606 CMR 3.07(8)(a)(6), moun ki gen lisans lan dwe asire ke tout anplwaye resevwa fòmasyon apwopriye sou itilizasyon entèvansyon sipò konpòtman altènatif ki gen mwens restriktif, sa ki pran an konsiderasyon twoma epi ki reponn a bezwen yo.
- Dapre 606 CMR 3.05(4), pwogram yo dwe idantifye bezwen rezidan an, sèvis ki pral bay yo ak pèsònèl ki responsab yo nan plan tretman rezidan an.
- Pwogram yo dwe entegre planifikasyon sipò konpòtman endividyalize, estrateji prevansyon kriz, entèvansyon pouk alme sitiyaasyon an, ak mezi sekirite pou entèvansyon restriktif nan pwosesis planifikasyon tretman ki fèt pou ankouraje sekirite rezidan yo, byennèt emosyonèl yo, ak itilizasyon sipò ki gen mwens restriksyon ke posib, an akò ak 606 CMR 3.01(4), 606 CMR 3.02 (Definisyon: kalme sitiyaasyon an; Swen ki Enfòmè sou Twoma ak ki Reyaktif), 606 CMR 3.03(7)(d)(13), 606 CMR 3.04(7)(c)(9)-(10), ak 606 CMR 3.05(1)(e) ak 3.05(4)(a)-(b).
- Pwogram yo dwe entegre rezon espesifik ki deklanche aksyon an pou rezidan yo, estrateji jesyon anvan yo, ak entèvansyon efikas pou kalme sitiyaasyon yo nan planifikasyon tretman ak sipò konpòtman ki pèsonalize, an akò avèk 606 CMR 3.01(4), 606 CMR 3.02 (Definisyon: Deskalaj), 606 CMR 3.05(1)(e), 606 CMR 3.05(2)(c), ak 606 CMR 3.05(4)(a)-(b).

Swivi Apre Evènman an

Apre nenpòt itilizasyon izolasyon, pwogram yo dwe mete an plas swivi apre evènman an alè ki fèt pou evalye byennèt rezidan an, sipòte estabilizasyon ak rekiperasyon, minimize re-twomatizasyon, evalye efikasite efò prevansyon ak de-eskalasyon/kalme sitiyaasyon an, epi idantifye opòtinite pou diminye entèvansyon restriktif alavni, an akò ak 606 CMR 3.01(3)-(4) ak 606 CMR 3.02 (Definisyon: De-eskalasyon; Swen ki Enfòmè sou Twom ak ki Reyaktif; Deyòk sou Itilizasyon Restriksyon.)

Pwogram yo dwe asire ke:

- Rezidan an resevwa yon evalyasyon apwopriye apre evènman an sou plan fizik, emosyonèl, ak konpòtman, an akò avèk 606 CMR 3.01(3)-(4), ki egzije pou pwogram yo sipòte sekirite, diyite, byennèt rezidan yo, ak sipò pèsonalize;
- Yo bay rezidan an yon opòtinite, chak fwa sa posib, pou l patisipe nan yon pwosesis debriefman/rapò ki apwopriye pou devlopman li, sa ki mete twoma an konsiderasyon, pou revize evènman an, idantifye deklanchè yo, diskite sou sipò ki

efikas, epi sipòte estabilizasyon emosyonèl li, an akò avèk 606 CMR 3.02 (Definisyon: Swen ki Enfòmè sou Twomatik epi ki Reyaktif), 606 CMR 3.05(1)(e), ak 606 CMR 3.05(4)(d);

- Anplwaye ak sipèvizè yo fè yon reyinyon debriefman/rapò apre evènman an alè ansanm ak yon revizyon klinik sou faktè ki deklanche evènman an, antesedan yo, efò pou kalme sitiyaasyon an, reyaksyon pèsonèl la, ak opòtinite pou entèvansyon prevantif, an akò avèk 606 CMR 3.04(7)-(8), 606 CMR 3.05(1)(e), ak 606 CMR 3.02 (Definisyon: Dezeskalasyon/Kalme pwoblèm nan);
- Tout obligasyon pou rapòte ensidan ak dokimantasyon ki nesesè yo ranpli an akò ak 606 CMR 3.04(3)(h) ak tout lòt egzijans ki aplikab pou rapòte ensidan dapre 606 CMR 3.00 ak 606 CMR 3.07(8); epi
- Plan tretman yo, estrateji sipò konpòtman yo, ak entèvansyon repons kriz yo revize epi modifiye jan sa nesesè pou diminye chans pou gen entèvansyon restriktif alavni, an akò ak 606 CMR 3.01(4), 606 CMR 3.05(4)(a)-(b), ak 606 CMR 3.02 (Definisyon: De-eskalsyon/kalme sitiyaasyon an).

Pwogram yo dwe itilize pwosesis revizyon apre evènman ak sesyon rapò pou sipòte amelyorasyon kalite kontinyèl, devlopman konpetans pèsonèl, sekirite rezidan yo, ak itilizasyon entèvansyon ki gen mwens restriksyon, an akò ak 606 CMR 3.01(4), 606 CMR 3.04(7)-(8), ak 606 CMR 3.05(1)(e).

Fòmasyon & Devlopman Mendèv

Dapre 606 CMR 3.04(7)(a)-(e), okenn pèsonèl pwogram pa dwe patisipe nan, aplike, siveye, sipèvize oswa otorize itilizasyon izolasyon sof si yo fin konplete avèk siksè tout fòmasyon obligatwa ki gen rapò ak:

- Sipò pou konpòtman
- Prevansyon kriz;
- Swen ki pran an konsiderasyon twoma epi ki reyaktif;
- Estrateji pou kalme pwoblèm nan
- Pwosedi aplikasyon ki an sekirite,
- Siveyans rezidan
- Dokimantasyon ak rapò; epi
- Pwotokòl repons ijans.

Pwogram yo dwe bay fòmasyon pou rafrech kontinyèl ak revizyon konpetans sou prevansyon izolasyon, de-eskalasyon/kalme pwoblèm nan, entèvansyon ki pran an konsiderasyon twoma, ak pwosedi repons ijans ki an sekirite omwen yon fwa pa ane, e pi souvan si sa nesesè selon tandans ensidan yo, bezwen rezidan yo, oswa enkyetid sou pèfòmans pèsònèl ki idantifye, an akò ak 606 CMR 3.04(7)(a)-(e), ki gen ladan 606 CMR 3.04 (7)(c)(9)-(10) ak 606 CMR 3.04(7)(e)(2), ak 606 CMR 3.04(8).

GID NOU SIJERE

EEC ka pibliye lòt direktiv/gid ki sipòte konfòmite ak politik sa a.

KONFÒMITE

EEC ka revize konfòmite pwogram nan ak politik sa a atravè vizit lisans, revizyon ensidan, ankèt, ak lòt aktivite sipèvizyon. Echèk pou konfòme ka mennen nan aksyon lisans ki an akò ak 606 CMR 3.00 ak 102 CMR 1.00.

ENFÒMASYON SIPLEMANTÈ

EEC ka bay lòt gid, materyèl fòmasyon, ak resous ki gen rapò pou sipòte konfòmite pwogram nan ak politik sa a.

EKSPIRE

- Politik sou Separasyon ak Gwoup la ki te pibliye 8 Septanm 2016